

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra salilana moal leupas tina hirup kumbuh manusa sabab minangka pakakas basa. Sastra téh minangka eunteung kahirupan manusa, anu diropéa ngaliwatan imajinasi pangarang. Sastra ogé miboga pungsi pikeun sarana hiburan sarta atikan. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Horace ngeunaan fungsi sastra *dulce et utile*, nyaéta pikeun ngahibur jeung méré mangpaat keur manusa (Teeuw, 2003, kc 5). Konflik jeung kajadian-kajadian dina karya sastra, loba anu dumasar kana fakta jeung pangalaman hirup manusa anu diréka deui ku unsur fiksi. Hakékatna, karya sastra mangrupa hasil rékaan pangarang anu diadumaniskeun antara pangaweruh jeung realitas kahirupan manusa. Éta hal luyu jeung kamandang ti Semi (2012, kc. 92) nu nétélakeun yén karya sastra narima pangaruh ti masarakat, sakaligus mampuh méré pangaruh ka masarakat.

Wangun karya sastra Sunda téh aya tilu, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Prosa nyaéta karangan hasil daya imajinatif manusa maké rakitan basa sapopoé, lancar, tur teu maké intonasi anu matok; puisi nyaéta hasil daya imajinatif manusa anu kauger ku wangun jeung diksi, dirakit pinuh ku wirahma, sarta ungkara kalimahna henteu lancar; sedengkeun drama nyaéta karangan hasil daya imajinatif manusa midangkeun carita anu ngalakon dina wangun dialog, pikeun dilakonan ku *aktor* dina pagelaran drama (Isnendes, 2010, kc. 25-75). Nurutkeun Sumardjo & Saini, KM (1986, kc. 29), prosa atawa prosa naratif téh dina hakékatna dibagi jadi tilu *genre*, nyaéta novel atawa roman, carita pondok, jeung novélét (novél pondok).

Nurutkeun kana pungsi karya sastra, Herfanda (dina Sukirman, 2021, kc. 19) nétélakeun yén karya sastra bisa jadi salaku média atikan karakter. Ku lantaran kitu, karya sastra bisa nepikeun ajén moral boh sacara *implisit* boh *eksplisit*. Kagiatan ngaapprésiasi karya sastra mangrupa prosés ngawangun karakter pikeun peserta didik. Ku kituna, karya sastra bisa nyumponan peranna, nyaéta ningkatkeun ajén kajujuran, *kebersamaan*, jsb.

Tina sawatara wangun karya sastra, wangun novél bisa jadi média nu bisa digunakeun dina nepikeun ajén-ajén kahirupan. Isnendes (2010, kc. 39) nétélakeun

yén novél kaasup salahsahiji karya sastra Sunda wangun prosa rékaan anu caritana ngalalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (*kompleks*). Ku kituna, novél bisa jadi média pikeun nepikeun ajén-ajén kahirupan, kaasup ajén atikan karakter ku lantaran ayana jalan carita anu meunang pangaruh ti manusa. Kairutna nu maca kana salahsahiji novél, tangtu dipangaruhan ku alus henteuna éta novél, boh judulna boh eusina. Katambah ku pangalaman nu maca nu kungsi maca éta novél méré informasi atawa pangajén kana novél anu geus dibaca.

Novél anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Hal anu matak ngirut kana ieu novél *Diarah Pati* téh minangka carita misteri anu munggaran dina Basa Sunda. Nurutkeun Salmun (dina Margasulaksana, 2014, kc. 9), *Diarah Pati* jadi novél pangpunjulna antara novél-novél séjén karya Margasulaksana, punjul dina katohagaan struktur caritana, punjul dina gambaran ngeunaan perwatek tokoh-tokoh katut kaayaan anu dicaritakeunana, ogé punjul dina kandelna. Ku kituna, merenah pisan lamun ieu novél dibaraca ku urang Sunda kiwari, hususna para nonoman anu geus kurang kana maca karya sastra Sunda.

Margasulaksana téh sandiasmana R. Iting Partadiredja. Sawatara karya Margasulaksana anu kacatet dina *Inventarisasi Penerbitan Buku-buku Berbahasa Sunda yang Tercetak dengan Huruf Latin* (Bandung, 1981/1982) nu disusun ku Tim Fakultas Sastra Unpad, nyaéta *Diarah Pati* (1930), *Anu Mahsur Si Tukuh* (1932), *Dunungan Midua Manah* (1932), *Kalebuh Tengahing Tresna* (1932), *Carita anu Mahsur Pangéran Hamlet* (1933), *Carita nu Mahsur Raja Lir* (1933), *Nyingkiran Rurubed* (1933), *Pahili Beubeureuh* (1935), *Rahmat* (1935), *Wawacan Nyai Roro Mendut* (1938), jeung *Budak Ngurilingan Dunya* (1941). Ku kituna, Margasulaksana kungsi jadi redaktur (Basa Sunda) di Balé Pustaka (Salmun dina Margasulaksana, 2014).

Karakter nu luhung ku ajén kabangsaan, budaya, sarta agama kudu dipiboga pikeun jadi pangrojong lumangsungna atikan anu hadé. Dina hirup kumbuh masarakat jaman kiwari, malah nuduhkeun sabalikna. *Pelecehan seksual, tawuran, korupsi jeung nepotisme*, nepi ka *plagiarisme* jadi hal anu biasa dilakukeun. Tangtuna waé, éta hal némbongkeun héngkérna moral jeung karakter hiji bangsa. Ku kituna, tujuan jeung pungsi atikan anu geus tétéla di luhur dianggap can bisa

kahontal. Kayakinan yén atikan minangka prosés ngamanusakeun manusa téh kiwari ngan saukur jadi paribasa.

Guna ngungkulan éta pasualan, pamaréntah geus narékahan réa hal, kaasup atikan karakter. Tujuanana pikeun numuwuhkeun karakter dasar anu hadé, sangkan teu migawé kagoréngan dina hirup kumbuh sapopoé. Wibowo (2012, kc. 36) nétélakeun yén atikan karakter mangrupa tarékah dina widang atikan pikeun numuwuhkeun sarta ngamekarkeun karakter-karakter anu luhung ka peserta didik, sangkan mibanda karakter nu hadé tur bisa ngalarapkeunana dina hirup kumbuh sapopoé.

Novél anu miboga ajén atikan karakter salah sahijina nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Dina eusi caritana, ieu novél nyaritakeun kahirupan sosial nu nyampak dina hirup kumbuh sapopoé, dibarung ku carita mistéri anu matak ngirut hususna pikeun nonoman. ku kituna, ieu novél cocog pikeun jadi bahan maca minangka bahan pangajaran maca di SMA.

Anapon pangajaran maca novél katitén dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD) di SMA kelas XI Kurikulum 2013 révisi 2017, dina Kompetensi Dasar 3.6 Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan novél. Ku kituna, ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh, ngaronjatkeun karep kana karya sastra Sunda, jeung bisa ngalarapkeun ajén karakter anu hadé dina kahirupan sapopoé.

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna nu sawanda ngeunaan ajén atikan karakter dina wangun skripsi dumasar kana pamanggih panulis nu aya di Prodi Pendidikan Bahasa Sunda UPI diantaranya (1) “Ajén Atikan Karakter dina Novél *Carita Budak Minggat* Karya Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Stuktural jeung Étnopédagogik)” ku Nisa Nurazizah (2016); (2) “Ajén Atikan Karakter dina Novél *Putri Subanglarang* Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural)” ku Citra Sela (2019); (3) Ajén Atikan Karakter dina Novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogi) ku Tanti Hermayanti (2019); (4) Ajén Atikan Karakter dina Novélét *Barudak Pohaci Nawang Wulan* Karya Ai Rohmawati (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Méli Nurul Maliah (2020); (5) “Struktur jeung Ajén

Atikan Karakter dina Novélét *Jamparing* Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél Rumaja di SMP kelas IX (Ulikan Struktural) ku Nadia Ayu Permani (2021); (6) Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Novél *Pamanah Rasa* Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA kelas XI” ku Asti Oktaviani (2023). Salian geus aya panalungtikan nu sawanda ngeunaan ajén atikan karakter, geus aya ogé panalungtikan saméméhna nu ngagunakeun objék nu sarua, nyaéta “Ulikan Struktur jeung Psikologi Sastra kana Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana” ku Sandi Kusnadi (2021).

Sanajan geus aya sababaraha panalungtikan saméméhna ngeunaan ajén atikan karakter, tapi can aya nu ngaguar ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati*. Dina enas-enasna, ieu panalungtikan ogé béda dina objék karya sastra jeung ambahan dina nganalisisna. Sedengkeun ditilik tina objékna, sanajan geus aya nu nalungtik novél *Diarah Pati*, tapi dina ieu panalungtikan mah béda dina tiori struktural nu digunakeunana ogé ambahanana. Dina panalungtikan saméméhna mah ngaguar psikologi sastra dina novél *Diarah Pati* kalawan ulikan struktural nurutkeun tiori struktur Robert Stanton, sedengkeun dina ieu panalungtikan mah ngaguar ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati* kalawan ulikan struktural nurutkeun tiori struktur Renne Wellek & Austin Warren. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris ngaguar ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana pikeun bahan pangajaran maca di SMA ngagunakeun ulikan struktural téh perlu dilaksanakeun.

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu geus diébréhkeun, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur, dijieun rumusan ku analisis ngeunaan struktur carita jeung ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Anu baris dipedar dina struktur carita téh, nyaéta téma, galur, tokoh jeung panokohan, latar, puseur implengan, jeung gaya basa. Salian ti struktur carita, baris dipedar ogé ajén atikan karakter anu satuluyna dilarapkeun kana bahan pangajaran maca di SMA.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah anu geus dipedar aya sababaraha masalah anu muncul dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) kurangna pangaweruh siswa kana maham kasusastraan Sunda;
- 2) kurangna karep siswa pikeun mikaresep bacaan Sunda;
- 3) kurangna pamahaman siswa kana ajén atikan karakter dina hirup kumbuh sapopoé.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu diébréhkeun, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur, dijieun rumusan ku analisis ngeunaan struktur carita jeung ajén atikan karakter anu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Anu baris dipedar dina ieu panalungtikan téh, nyaéta struktur carita nu ngawengku téma, galur, tokoh jeung panokohan, latar, puseur implengan, jeung gaya basa, salian ti struktur carita, baris dipedar ogé ajén atikan karakter. Tuluy dilarapkeun kana bahan pangajaran maca di SMA. Ku kituna, pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana?
- 2) Naon waé ajén atikan karakter nu nyampak dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana pikeun dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran maca di SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, kalawan maluruh unsur jeung struktur pangdeudeulna.

### 1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara khusus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskrupsikeun:

- 1) Struktur carita (téma, galur, tokoh jeung panokohan, puseur implengan, jeung gaya basa) nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana;
- 2) Ajén atikan karakter nu nyampak dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana; sarta
- 3) Larapna hasil panalungtikan dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran maca novél di SMA.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu bagéan baris dipedar ngeunaan mangpaat panalungtikan, nu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat isu sosial.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Pikeun ngajembaran paélmuan sastra jeung atikan, ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter dina karya sastra. Ieu panalungtikan ogé hasilna bisa jadi *alternatif* pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan pangalaman dina prosés panalungtikan sastra, utamana dina karya sastra wangun novél;
- 2) Pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun référénsi tambahan pikeun panalungtikan hususna dina ngeuyeuban ajén atikan karakter;
- 3) Pikeun masarakat atawa nu maca, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Lian ti éta, bisa numuwuhkeun karep jeung karesep masarakat kana maca karya sastra Sunda;
- 4) Pikeun akademisi, jadi panggeuing pentingna ngalarapkeun ajén atikan karakter dina pangajaran atawa dina unggal lingkup pendidikan.

### 1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Méré arahan kawijakan pikeun mekarkeun atikan ka para siswa dina pangajaran sastra anu hadé jeung *efektif* pikeun dilarapkeun kana kawijakan, yén siswa kudu miboga ajén atikan karakter anu hadé, ngaliwatan pangajaran maca novél di SMA.

### 1.4.4 Mangpaat Isu Sosial

Méré informasi ka sakabéh pihak ngeunaan pangajaran maca novél di SMA, nepi ka bisa jadi bahan ajuan pikeun lembaga-lembaga formal atawa non formal pikeun ngawanohkeun ajén atikan karakter ngaliwatan pangajaran sastra. Anu satuluyna bisa jadi acuan pikeun larapna ajén karakter nu hadé dina hirup kumbuh sapopoé.

## 1.5 Raraga Téori

Ieu skripsi disusun jadi lima Bab. Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, mangpaat isu sosial, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan ulikan pustaka, tiori-tiori anu digunakeun pikeun jadi dasar dina panalungtikan, jeung hipotésis anu aya patalina jeung panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar hasil data jeung analisis data nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta pedaran hasil analisis.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekkan jeung rékoméndasi.